

The University of the State of New York

**REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION**

# **ISTWA ETAZINI AK GOUVÈNMAN**

**Madi, 21 jen 2005 — 1:15 p.m. pou 4:15 p.m., sèlman**

Non Etidyan \_\_\_\_\_

Non Lekòl \_\_\_\_\_

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, vire jiska dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo, e dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn tout kesyon nan **tout** pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

**Pati I** genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enrejistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

**Pati II** genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

**Pati III** baze sou plizyè dokiman:

**Pati III A** genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

**Pati III B** genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy komunikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy komunikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.


**PA OUVRI LIVRÈ EKZAMINASYON SA A TOUTOTAN YO POKO BA OU SIYAL.**

## Part I

### Reponn tout kesyon nan pati sa a.

*Direksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons lan *nimewo* mo a oubyen ekspresyon an ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.*

Baze repons ou pou kesyon 1 an sou seri kat pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.




Sous: *Atlas of Our Country*, NYSTROM (adapte)

- 1 Sa ki pi bon tit pou seri kat sa a?
  - (1) Endistriyalizasyon Etazini
  - (2) Konfli Seksyonèl nan Etazini
  - (3) Revolisyon Transpòtasyon nan Etazini
  - (4) Chanjman fwontyè nan Etazini

- 2 Ki deklarasyon ki pi kòrèk sou mouvman pou endepandans nan très koloni yo?
- (1) Mouvman endepandans lan te kòmanse toujis apre fondation Plymouth Colony an.
  - (2) Pwotestasyon kont règ kolonyal Britanik yo te mennen gradyèlman a demann pou endepandans.
  - (3) Wa Angleterre a te ekzije kolonis yo pou yo vin otonòm ekonomikman.
  - (4) Mouvman pou endepandans lan te fò egalman nan tout koloni yo.
- 3 Selon Deklarasyon Endepandans lan, fonksyon fondamantal gouvènman an se pou
- (1) pwoteje dwa natirèl moun
  - (2) egalize opòtinite pou tout sitwayen
  - (3) asire pou defans nasyon an
  - (4) etabli yon sistèm edikasyon piblik ki gratis
- 4 Pou adrese feblès Atik Konfederasyon yo, delege nan Konvansyon Konstitisyonèl yo te dakò pou yo
- (1) elimine komès esklavaj la
  - (2) ogmante pouvwa gouvènman santral la
  - (3) diminye nomm eta yo
  - (4) pèmèt eta yo pou fikse tarif yo
- 5 Pandan Konvansyon Konstitisyonèl 1787 la, dezakò prensipal ant gwo eta ak ti eta yo te sou pwoblèm
- (1) kontinyasyon esklavaj
  - (2) garanti dwa Eta yo
  - (3) reprezantasyon nan Kongrè
  - (4) kontwòl komès ant eta yo
- 6 “... se opinyon komite sa a ke yon gouvènman nasyonal ta sipoze etabli ak yon Lejislati Siprèm, Jidisyè, ak Ekzekitif. . .”
- Rezolisyon Edmund Randolph te soumèt,  
delege pou Konvansyon Konstitisyonèl la, 1787
- Nan adoptasyon rezolisyon sa a, otè Konstitisyon an te montre kwayans yo nan ide
- (1) revizyon jidisyè
  - (2) yon klòz elastik
  - (3) dwa Eta yo
  - (4) separasyon pouvwa yo
- 7 Yo te mete fòmalite pou fè resansman nan Konstitisyon Etazini an pou
- (1) kontwole nomm imigran
  - (2) etabli enpo sou revni
  - (3) detèmine nomm manm ki sot nan chak eta nan Chanm Reprezantant an
  - (4) anrejistre to moun ki fêt ak moun ki mourir nan popilasyon
- 8 Ki wòl prezidan an yo konsidere ki fè pati nan konstitisyon ki pa ekri an?
- (1) fè nominasyon jij federal yo
  - (2) siyen oubyen veto lejislasyon
  - (3) aji kòm dirijan pati politik li
  - (4) sèvi kòm kòmandan an chèf fòs lame yo
- 9 “... Kounye a, youn nan branch ki pi esansyèl nan libète Anglè se libète lakay yon moun. Kay yon moun se chato li; e menm pandan li an silans, li byen pwoteje tankou yon prens ki nan chato li....”
- James Otis, *Against the Writs of Assistance*, 1761
- Ki preparasyon nan Deklarasyon Dwa Moun nan ki genyen menm kwayans sa a?
- (1) dwa a yon pwosè ki jis
  - (2) pwoteksyon kont fouy ak sezisman bagay pèsonèl ki pa rezonab
  - (3) garanti kont de ijiman pou yon sèl krim
  - (4) entèdiksyon pou pinisyon ki mechan e ki pa nòmal
- 10 Ki pwopozisyon ki te nan plan finansye Sekretè Trezò Alexander Hamilton nan ane 1790 yo?
- (1) pwomès pou ankouraje ekspansyon agrikòl
  - (2) kreyasyon yon bank nasyonal
  - (3) taks sou eta yo dirèkteman pou sipòte operasyon gouvènman an
  - (4) echanj lib ak lòt nasyon
- 11 Rezon prensipal Prezidan George Washington te genyen pou piblikasyon Pwoklamasyon Netralite (1793) a se te pou
- (1) repeye Frans pou èd li nan Gè Revolisyonè a
  - (2) pwoteje enterè Eta Zini nan rejon Karibeyen an
  - (3) pwoteje nouvo endepandans la
  - (4) pini Anglè yo poutèt yo pat retire yo sou teritwa Ameriken

- 12 Desizyon Kou Siprèm nan nan ka *Marbury v. Madison* (1803) te enpòtan paske li te
- etabli prensip revizyon jidisyè a
  - kontribye a reeleksyon Prezidan Thomas Jefferson
  - montre eta yo te pi fò pase gouvènman federal la
  - fè prèv branch lejislatif la te branch ki pi fò nan gouvènman an
- 13 Pandan premye mwatye 19èm syèk la, konstriksyon kanal yo ak wout yo te kontribye a
- ekspansyon komès ant agrikiltè nan mitan lwès ak agrikiltè zòn lès yo
  - kwasans plantasyon agrikilti nan Teksas ak Nouvo Meksik
  - dekwasans ekonomik grav Sid la
  - fayit plizyè konpayi chemenfè yo nan Vale Misisipi a
- 14 Ki tèm Ameriken te itilize nan ane 1840 yo pou dekri ide ke Etazini ta dwe posede tout kontinan an?
- kont ekspansyon
  - globalizasyon
  - Destine Manifès
  - souverènte popilè
- 15 Pandan ane 1840 yo, abolisyonis yo te opoze aneksyon novo teritwa nan lwès paske yo te
- pè admisyon novo eta esklav
  - vle limite pouvwa gouvènman nasyonal la
  - konsène ak dwa legal Endyen Natifnatal Ameriken yo
  - sipòte yon politik eksteryè ki te izolasyonis
- 16 Pandan 10 an apre Gè Sivil la, yon pakèt ansyen esklav te chèche lavi yo nan
- sa y ap rele Rezo klandesten esklav mawon
  - travay nan izin nan Nò yo
  - travay agrikiltè nan elvaj nan Sid yo
  - travay min nan Kalifòni
- 17 Pandan fen ane 1800 yo, defansè Dawinis Sosyal yo t'ap pwobableman sipòte
- sendika yo
  - empo sou revni pwogresif
  - kapitalis lesefè
  - konsèvasyon anviwònmantal
- Baze repons ou pou kesyon 18 ak 19 yo sou pasaj pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.
- “ . . . Sa a, alò, li se devwa nèg ki gen Richès la: Premyèman, pou bay ekzanp yon vi ki modèse ki senp, k'ap evite demonstrasyon oubyen ekstravagans; pou bay ak moderasyon sa moun ki depann sou li yo bezwen; epi apre li fè sa, pou li konsidere tout revni adisyonèl li vin jwenn nan fon sekirite, ke li ta dwe administre, e se yon afè obligasyon strik pou li administre li nan fason ki, nan jjiman pa li, pi byen kalkile pou pwodwi rezulta ki pi benefisyè nan kominote a— . . . ”
- Andrew Carnegie, “Wealth,” *North American Review*, June 1889
- 18 Dapre mòso tèks sa a, responsabilite moun rich yo se pou
- envesiti nan avni indistri pou ogmante richès
  - pataje richès siplemantè yo a ak kominote a
  - kenbe yon stil vi ki konfòme ak richès yo a
  - enflyianse gouvènman an pou bay tout moun asistans
- 19 Jan Andrew Carnegie te efektye ide ki nan deklarasyon sa a se te
- finanse plizyè bibliyotèk ak enstitusyon edikasyonèl
  - sèvi anpil ane nan gouvènman federal la
  - envesiti richès li nan plizyè novo endistri
  - ankouraje pwogram k'ap benefisyè moun rich
- 
- 20 Lwa Komès ant Eta a ak Lwa Chèmann kont Monopòl la te tantativ Kongrè pou
- regle aktivite gwo biznis
  - pwoteje konsomatè kont pwodwi ki danjere
  - impoze règleman gouvènman sou pwodwiksyon agrikiltirel
  - fè aktivite transpòtasyon vin anba pwopriyete gouvènman

Baze repons ou pou kesyon 21 ak 22 sou desen pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.



Sous: George B. Luks, *The Verdict*, 5 Jen 1899 (adapte)

- |   |   |
|---|---|
| <p>21 Sa ki ide prensipal desen an?</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>Règ gouvènman yo kreye yon resesyon.</li> <li>Ameriken yo sipòte aktivite monopòl yo.</li> <li>Bon gouvènman sove peyi a anba monopòl.</li> <li>Monopòl se yon menas pou nasyon an.</li> </ol>   | <p>22 Ki gwooup ki pwobableman t'ap pi vle pou gouvènman an pran aksyon pou adrese pwoblèm yo montre nan desen an?</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>bankye yo</li> <li>sendika yo</li> <li>endistriyèl yo</li> <li>pwopriyètè chemenfè yo</li> </ol>  |
| <p>23 Yon objektif Politik Gwo Ponyèt Prezidan Theodore Roosevelt la ak règ Diplomasi Dola Prezidan William Howard Taft la pou Amerik Latin an se te pou</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>reyini nasyon yo nan Emisfè nan Lwès la nan yon alyans militè</li> <li>pwoteje enterè ekonomik ak enterè politik Ameriken</li> <li>ankouraje nasyon etranje pou vin etabli koloni</li> <li>elve nivodvi Amerik Latin</li> </ol> | <p>24 Yon rezon prensipal Etazini te antre nan Premyè Gè Mondyal la se te pou</p> <ol style="list-style-type: none"> <li>gen pi plis byen nan koloni yo</li> <li>reyaji anvè bonbadman Pèl Abò a</li> <li>pwoteje libète lanmè pou bato Etazini</li> <li>onore angajman li te fè ak alye militè li yo anvan lagè a</li> </ol> |

- 25 Ki eleman ki te kontribye pi plis nan ogmantasyon atitud nativis Etazini te vin genyen nan ane yo imedyatman apre Premyè Gè Mondyal la?
- etablisman Pwoyibisyon nasyonal
  - yon bese nan reliyion òganize
  - ogmantasyon nan nonm sant edikasyon ak kwazi nan katye popilè
  - gwo nonm imigran ki soti Ewòp di Sid ak Ewòp oryantal
- 26 Sa ki te yon rezon prensipal pou kwasans rapid ekonomik nan Etazini pandan ane 1920 yo?
- pwersperite agrikilti Ameriken
  - ogmantasyon nan enpò Ameriken
  - devlopman anpil nouvo byen pou konsomatè
  - ogmantasyon depans pou defans
- 27 Sa ki te yon faktè ki te mennen a Lagrann Depresyon an?
- limitasyon gouvènman an te mete sou valè kòb ki t'ap sikile
  - salè elve anplwayè yo peye
  - ogmantasyon nan to taks pou kòporasyon
  - twòp sipozisyon nan mache bousye a
- 28 Anpil nan lwa domestik peryòd Nouvo Kontra a te baze sou ide ke gouvènman federal ta sipoze
- prefere gwo biznis yo sou travay ak agrikilti
  - pran kèk responsabilite pou byenèt pèp la
  - posede epi opere endistri prensipal peyi a
  - ekzije kominate lokal yo pou yo responsab pwogram byenèt sosyal
- 29 Ki règ nan tan gè anvè Ameriken Japonè yo Kou Siprèm nan te konfime nan desizyon ka *Korematsu v. United States* nan 1944?
- depòtasyon al Japon
  - sèvis militè ki obligatwa
  - rejè dwa vòt yo
  - anprizonnan nan kan entènman

Baze repons ou pou kesyon 30 ak 31 sou desen pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.



Sous: Fred O. Seibel, *Richmond Times-Dispatch*, 8 Janvye, 1937 (adapte)

- 30 Sa ki ide prensipal desen sa a?
- Branch lejislatif la te andezakò ak branch ekzekitif la pandan prezidans Franklin D. Roosevelt.
  - Prezidan Franklin D. Roosevelt te vle Kou Siprèm nan sipòte pwogram li yo.
  - Yo pat mande Jistis Kou Siprèm yo pou opinyon yo sou pwogram Nouvo Kontra yo.
  - Twa branch gouvènman yo te dakò sou respons kòrèk pou Lagrann Depresyon an.
- 31 Prezidan Roosevelt te reponn a sitiyasyon desen an montre a lè li
- t'ap mande pou yo revoke pwogram Nouvo Kontra yo
  - t'ap mande pou yo fè eleksyon popilè pou manm branch jidisyè yo
  - t'ap mande pou elektè vote pou plis Demokrat nan Kongrè
  - t'ap pwopoze pou ogmante nonm jistis yo nan Kou Siprèm nan

- 32 Objektif Politik Jis Prezidan Harry Truman nan se te pou
- kontinye refòm ki te kòmanse pandan prezidans Franklin D. Roosevelt la
  - diminye depans gouvènman an sou pwogram byennèt sosyal yo
  - diminye taks sou gwo kòporasyon yo ak sou moun rich
  - retabli plan domestik ki te ekziste nan ane 1920 yo
- 33 Yon pwoblèm kontwovèse ki soti nan Dezyèm Gè Mondyal la se te
- wòl Lig Nasyon an nan lavni
  - moralite yon lagè nikleyè
  - angajman twooup yo san yon konsantman kongresyonèl
  - kontwòl sivilyen te genyen sou lame a
- 34 Nan kòmansman ane 1950 yo McCarthyis te yon rezulta
- nouvo angajman pou dwa sivil pou Ameriken Nwa
  - rezistans ak Plan Machal la
  - akizasyon ke Kominis te enfiltre gouvènman Etazini an
  - ogmantasyon sipò piblik pou sendika yo
- 35 Sa ki te yon konsekans prensipal Gè Koreyen an (1950–1953)?
- Kore te kontinye rete yon nasyon divize.
  - Kore di Nò te vin yon alye Etazini.
  - Kore di Sid te vin yon nasyon kominis.
  - Nasyonzini te vin gen kontwòl Kore.
- 36 “... Fè tout nasyon konnen, menmsi li swete nou bon oubyen mal, ke n'ap peye nenpòt pri, pote nenpòt chay, fè fas a nenpòt difikilte, sipòt nenpòt zanmi, opoze nenpòt ènni pou kenbe epi asire sikse libète. . .”
- President John F. Kennedy, Adrès Inogiral, 1961
- Deklarasyon Prezidan Kennedy te fè a sijere yon angajman kontinyèl ak politik etranjè pou
- |               |                     |
|---------------|---------------------|
| (1) izolasyon | (3) kont ekspansyon |
| (2) apèzman   | (4) enperyalis      |
- 37 Desizyon Kou Siprèm nan nan ka *Gideon v. Wainwright* (1963) ak *Miranda v. Arizona* (1966) yo te pran kritik paske desizyon sa yo te
- bay moun ki te akize yo plis dwa
  - bay jij federal yo plis pouvwa
  - pwolonje kondanasyon prizon pou moun koupab yo
  - retabli itilizasyon pinisyon kapital
- Baze repons ou pou kesyon 38 sou tablo pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.
- Dèt Federal, 1970–1998**  
(bilyon dola)
- | Ane  | Dèt       |
|------|-----------|
| 1970 | \$ 380.9  |
| 1975 | \$ 541.9  |
| 1980 | \$ 909.0  |
| 1982 | \$1,137.3 |
| 1984 | \$1,564.6 |
| 1986 | \$2,120.5 |
| 1988 | \$2,601.1 |
| 1990 | \$3,206.3 |
| 1992 | \$4,001.8 |
| 1994 | \$4,643.3 |
| 1996 | \$5,181.5 |
| 1998 | \$5,478.2 |
- Sous: *Historical Tables, Budget of the United States Government*, Ane Fiskal 2005 (adapte)
- 38 Ki pratik gouvènman federal la ki kontribye pi plis nan sitiyasyon tablo a montre?
- pran mezi pou diminye kwasans pwodwi enteryè bri a
  - ogmante taks pou eseye diminye enflasyon
  - depanse plis lajan ke yo resevwa nan revni
  - bese taks pandan ane eleksyon yo
- 39 Desizyon Kou Siprèm nan nan ka *Roe v. Wade* (1973) la te baze sou prensip konstitisyon pou
- pwoteksyon pou dwa pwopriyete
  - libète lapawòl
  - dwa pou konfidansyalite
  - libète reliyon

Baze repons ou pou kesyon 40 sou desen pi ba a ak sou konesans syans sosyal ou.



Sous: Walt Handelsman, *The Times-Picayune* (adapte)

**40 Opinyon ki nan desen sa a se**

- (1) Prezidan ak Madan Clinton vin fè Chikago tounen nouvo kay yo
- (2) Prezidan Clinton sipòte adopsyon sou abòsyon
- (3) Pwooblèm Republiken pa ta sipoze fè pati Konvasyon Demokratik Nasional la
- (4) Gendefwa Demokrat sipòte pwoblèm tradisyonèl Republiken

**41 Politik detant Prezidan Richard Nixon nan pi byen karakterize ak**

- (1) desizyon li pou kraze asenal zam nikleyè Etazini an
- (2) tantativ pou redwi tansyon ak Inyon Sovyetik la
- (3) lòb pou lage bonm sou Kambòj
- (4) sipò pou peyi kominis yo vinn manm nan Nasyonzini

**42 Kongrè te pase Lwa Pouwwa Lagè nan ane 1973 la kòm yon repons pou**

- (1) ekspansyon zam nikleyè pandan Gè Fwad la
- (2) anvayisman Koweyit pa Irak
- (3) menas kominis nan Mwayennoryan an
- (4) lyezon Etazini nan Gè Vyettam nan

**43 "Mwen kwè jèn nou yo [18–20 tan] genyen yon gwo konsyans sosyal, yo pèplekse ak injistis ki ekziste nan lemonn epi yo enpasyan pou yo rektifye [korije] mal sa yo."**

— Senatè Jennings Randolph, 1971,  
*The New York Times*

Moun ki an favè opinyon sa t'ap pwobableman sipòte

- (1) yon amannman konstitisyònèl pou bay plis dwa vòt
- (2) yon desizyon prezidansyèl pou ogmante limitasyon vitès
- (3) yon desizyon Kou Siprèm nan pou ranvèse desegregasyon
- (4) yon lwa Kongrè pase pou ogmante benefis Sekirite Sosyal

Baze repons ou pou kesyon 44 sou tablo pi ba yo ak sou konesans syans sosyal ou.

### Tandans Etazini nan Agrikilti, 1910 – 1960

Tab A Nonm Elvaj		Tab B Nonm Moun nan Agrikilti	
1910	6,406,000	1910	11,770,000
1920	6,518,000	1920	10,790,000
1930	6,546,000*	1930	10,560,000
1940	6,350,000*	1940	9,575,000
1950	5,648,000*	1950	7,870,000
1960	3,963,000*	1960	5,970,000

\*Alaska ak Awayi ladann

Sous: United States Census Bureau (adapte)

44 Ki sitiayson ki asosye ak tandans nan agrikilti tablo sa yo montre?

- (1) Reposesyon elvaj yo diminye.
  - (2) Gwosè elvaj yo vin bese sibstansyèlman.
  - (3) Rannman elvaj yo bese.
  - (4) Agrikiltè yo vin yon pouvantaj pi piti nan fòs travayè a.
- 

45 Desizyon Kou Siprèm nan nan ka *New York Times Co. v. United States* (1971) ak *United States v. Nixon* (1974) yo te ranfose prensip ke prezidan Etazini an

- (1) gen yon itilizasyon ilimite ak pouvwa veto a
- (2) pwoteje kont kritik medya ki injis
- (3) pa ka kondane ak yon krim
- (4) pa piwo la lwa

46 Kòmansman fayit kominis nan Ewòp nan Lès la pi asosye ak

- (1) lè Mi Bèlen an tonbe
- (2) admision nasyon Pak Vasovi yo nan Organizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN)
- (3) entèvansyon Organizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) a nan Yougoslavie
- (4) fòmasyon Inyon Ewopeyen an

47 Ki devlopman ki te mennen lòt twa yo?

- (1) ogmantasyon kay ak move katye
- (2) chanjman sot nan yon mòdvi riral al yon mòdvi iben
- (3) kwasans endistriyèl rapid
- (4) itilizasyon anbochaj timoun toupatou

48 Diskisyon sou konte vòt moun Florid yo nan eleksyon prezidansyèl ane 2000 lan te regle ak

- (1) yon lòd gouvenè Florid la
- (2) yon akò ant kandida yo
- (3) yon vò Sena Etazini an
- (4) yon desizyon Kou Siprèm Etazini an

49 Kòm laj moyen popilasyon nasyon an ap ogmante, ap gen yon bezwen pou

- (1) kreye plis sant pou swen timoun
- (2) abòde pwoblèm finansman Medikè a
- (3) ogmante nonm lekòl piblik
- (4) fè refòm lwa imigrasyon yo

50 Bese tarif enterè pou an kouraje kwasans ekonomik se yon fonksyon

- (1) Depatman Komès la
- (2) Sistèm Rezèv Federal la
- (3) Kòporasyon Asirans Rezèv Federal la
- (4) Komisyon sou Valè ak sou Echanj Valè

## **Repons pou késyon redaksyon yo sipoze ekri nan livrè redaksyon an.**

Nan devlopman respons ou pou Pati II, fòk ou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”
- (b) dekri vle di “ilistre yon bagay ak mo ou byen pale de li”
- (c) evalye vle di “ekzamine epi gade enpòtans, itilite, oubyen kondisyon yon bagay, pou detèmine valè yon bagay”

### **Pati II**

## **KESYON REDAKSYON TEMATIK**

*Direksyon:* Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf ki adrese tach pi ba a, ak yon konklizyon.

### **Tèm: Mouvman Refòm nan Etazini**

Mouvman refòm se pou amelyorasyon diferan aspè vi Ameriken. Nan aksyon moun, òganizasyon, oubyen gouvènman an, objektif mouvman refòm yo akonpli, men ak degré siksè ki varye.

### **Tach:**

Identifie **de** mouvman refòm ki genyen yon konsekans sou vi Ameriken e pou **chak**

- Diskite **yon sèl** objektif prensipal mouvman an te genyen
- Deskri **yon sèl** aksyon yon moun, yon òganizasyon, oubyen gouvènman an te pran pou eseye attèn objektif sa a
- Evalye nan ki mezi objektif sa te reyalize

Ou ka itilize nenpòt mouvman refòm nan etid istwa Etazini ou. Kèk ide ou ta ka vle konsidere se mouvman abolisyonis, mouvman dwa fanm pou yo vote, mouvman tanperans, mouvman Pwogresif, mouvman pou dwa sivil, mouvman pou dwa fanm, ak mouvman pou anviwònman.

**Ou pa limite a ide sa yo sèlman.**

### **Direktiv:**

#### **An redaksyon ou an, fòk ou:**

- Devlope tout aspè tach la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan

Nan developman repons ou pou Pati III, fòk ou panse a definisyon jeneral sa a:

**diskite vle di “fè obzèvasyon sou yon bagay ak itilizasyon reyalite, rezònman, ak agiman; prezante ak detay”**

### Pati III

#### KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki akonpaye li yo. Li fèt pou li teste abilité ou pou ou travay ak dokiman istorik. Genyen nan dokiman yo ki te revise pou kesyon an menm. Pandan w'ap analize dokiman yo, panse a kote chak dokiman soti ak nenpòt opinyon ki ta ka prezante nan dokiman an.

#### Kontèks Istorik:

Apre Premyè Gè Mondyal la, evènman nan Ewòp te pwovoke Etazini pou li revize politik etranjè li. Revizyon sa a mennen a yon kontwovès ant sa kite sipòte yon retou nan izolasyonis ak sa ki te vle wè Etazini pran yon wòl pi aktif nan zafè lemonn yo.

**Tach:** Ak itilizasyon enfòmasyon nan dokiman yo ak konesans istwa Etazini ou, reponn kesyon apre chak dokiman nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B an kote y'ap mande ou.

- Diskite politik etranjè Etazini anvè Ewòp anvan Dezyèm Gè Mondyal la. Nan diskisyon ou an, mete rezon moun ki te *sipòte* izolasyonis yo te itilize ak rezon sa ki te *opoze* li yo te itilize.

## Pati A

### Kesyon ak Repons Kout

*Direksyon:* Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki apre chak dokiman nan espas yo bay la.

#### Dokiman 1

... Pa gen yon lòt pèp ki te vin kwè ak tout fòs tankou Ameriken ke Lagrann Gè a [Premyè Gè Mondyal] te yon trajedi absoli, yon erè ki chè yo pap ka padone ki pa ta dwe jamm repete ankò. Plis ke senkant mil sòlda Ameriken te peri pandan yo t'ap batay sou fwontyè nan lwès la, e pou ki rezilta? Li tèlman twòta pou entèvansyon Ameriken ta delivre li, Ewòp rapidman tounen nan malis istorik otoritarianis li ak konpetisyon ame li, pandan Etazini tounen nan atitud istorik izolasyonis li. Izolasyonis te ka pi plis souliye nan Mitan Lwès la ki pa gen dlo ki antoure li, men Ameriken fi tankou gason, tout laj, reliyon, ak opinyon politik, ki sot nan tout gwoup etnik ak tout reliyon, te pataje yon santiman apati anvè Ewòp nan ane apre lagè a, san pale de rès lemonn mizerab ki renmen batay sa a, ki te près degou. "Kite nou fè je nou tounen anndan", gouvènè Demokratik Pennsilvani George Earle te deklare nan ane 1935. "Si pou lemonn tounen yon dezè pou fatra, lahèn, ak resantisman, kite nou pi pwoteje ak prezèvè owasis libète pa nou." ...

Sous: David M. Kennedy, *Freedom from Fear*, Oxford University Press, 1999

- 1 Baze sou dokiman sa a, bay **yon sèl** rezon ki fè anpil Ameriken te vle yon retou nan yon politik izolasyonis apre Premyè Gè Mondyal la. [1]

---

---

Score

## Dokiman 2

... Malerèzman sanble se verite epidemi manke respè pou lalwa nan lemonn lan ap pwopaje.

Lè yon epidemi maladi fizik kòmanse etann li, kominote a dakò epi li rasanble malad yo nan izolasyon pou li ka pwoteje sante rès moun nan kominote a kont pwopagasyon maladi a.

Se detèminasyon pa mwen pou mwen kontinye ak yon politik lapè. Se detèminasyon mwen pou adopte tout aksyon possib pou evite patisipasyon nan lagè. Li ta dwe enposib pou imajine ke nan peryòd modèn sa a, ak anfas eksperyans, okenn nasyon ta tèlman ensanse ak san remò pou li ta pran risk plonje tout lemonn nan nan lagè lè li anvayi epi vyole, nan kontravansyon [vyolasyon] trete solenèl, teritwa lòt nasyon ki pa fè yo okenn mal e ki twò fèb pou yo pwoteje tèt yo sifizamman. Epoutan lapè lemonn ak byennèt ak sekirite tout nasyon, ak pa nou tou, anba menas bagay sa a menm jodi a....

Lagè se yon enfeksyon, ke li te deklare oubyen pa deklare. Li ka vale eta ak moun ki byen lwen kote ostilite yo te kòmanse. Nou detèmine pou nou pa rantre nan lagè, epoutan nou pa ka asire tèt nou kont efè katastwofik lagè ak danje patisipasyon. N'ap adopte mezi konsa paske l'ap minimize risk patisipasyon nou, men nou pa ka gen pwoteksyon antye nan yon monn ki andezòd kote konfyans ak sekirite fin kraze....

Sous: President Franklin D. Roosevelt, Quarantine Speech, 5 Oktòb 1937

- 2 Selon dokiman sa a, sa ki te opinyon Prezidan Franklin D. Roosevelt sou patisipasyon Etazini nan lagè? [1]

Score

### Dokiman 3

Nan diskou sa a, Senatè Robert A. Taft dakò ak Politik Prezidan Franklin D. Roosevelt konsènan lagè nan Ewòp.

... Dezyèmman, sa diskite anpil ke nou ta dwe antre nan lagè a pou nou defann demokrasi kont diktati. Prezidan li menm, mwens ke yon ane de sa, te sijere li te devwa nou pou defann reliyon, demokrasi, ak bòn fwa toutpatou nan lemonn, byenke li te pwopoze metòd ki pa lwen lagè. Mwen kesyone teyori ke antre nou nan lagè ap prezève demokrasi. Objektif Premyè Gè Mondyal la te pou sove demokrasi, men rezilta aktyèl la detwi plis demokrasi epi mete plis diktati lemonn te wè pou anpil jou. Nou ka antre pou n'al sove Angletè ak Frans epi nou jwenn, lè lagè a fini, gouvènman yo Kominis ak Fasis. Anyen pa detwi fòm gouvènman menm jan ak lagè . . .

Rezon pou lagè yo pa solid e y'ap sètènman rete konsa. Orè lagè modèn tèlman gran, initilite li tèlman evidan, efè li sou demokrasi ak pwosperite ak kontantman tèlman destriktif, nou ta dwe dezire preske nenpòt lòt opsyon. . . .

Sous: Senatè Robert A. Taft, diskou nan Mineyapolis, 6 Septanm 1939

- 3 Baze sou dokiman sa a, bay ***yon sèl*** rezon Senatè Taft te opoze pou Etazini ta antre nan lagè nan Ewòp la.  
[1]

---

---

Score

#### Dokiman 4

Desen sa a se yon opinyon politik etranjè Etazini an nan pèspektif yon desinatè Britanik nan lane 1940.



**“Donk se sa a ki izolasyonis lan.”**

Sous: David Low, *Evening Standard*, 4 Jiyè 1940

- 4 Selon desen sa a, sa k'ap menase politik izolasyon Etazini an? [1]

---

---

Score

## Dokiman 5

Nan prentan 1940 sondaj opinyon yo te montre, jan yo t'ap fè pou kèk tan, ke detyè nan piblik Ameriken an te kwè li pi enpòtan pou pa patisipe nan lagè olye pou ede Grann Bretay, sou Septanm rive mwens ke mwatye piblik Ameriken an te genyen menm opinyon sa a, e sou Janvye 1941 70 poustan te prepare pou ede Grann Bretay nan risk lagè. Viktwa Alman an nan Lwès la, ki te kilmine pa tonbe Frans na Jen 1940, te mennen yon chanjman nan opinyon piblik Ameriken ak politik leta ke dirijan politik pi enfliyansyèl nasyon an nan ventyèm syèk la [Prezidan Franklin D. Roosevelt] te eseye men pat reyisi efektye depi omwen 1937. Pa chak sondaj opinyon, yon majorite konsekan Ameriken te finalman vin gen opinyon ke anpeche echèk Anglè a te nan enterè Ameriken sifizamman pou jistifye risk lagè a. Se sou baz chanjman nan opinyon piblik sa a kanpay prezidansyèl 1940 lan te fèt ak pou fondasyon pou Tè Fèmaj la ak reyameman akselere. . . .

Sous: W. W. Rostow, *The United States in the World Arena*, Harper & Brothers, 1960

- 5a Selon dokiman sa a, kòman opinyon piblik te chanje ant prentan ane 1940 ak Janvye 1941? [1]

---

---

Score

- b Baze sou dokiman sa a, idantifye **yon sèl** evènman ki te lakòz chanjman opinyon piblik lan pandan peryòd tan sa a. [1]

---

---

Score

## Dokiman 6

. . . Pwogram prete-lwe-bay la se politik etranjè twa A Nouvo Kontra a, l'ap laboure anba chak katryèm tigason Ameriken.

Janmen anvan yo te mande ou byen fòse pèp Ameriken an pou yo bay anpil ak konplètman konsa nan dola taks yo bay yon nasyon etranjè. Janmen anvan okenn Prezidan te mande Kongrè Etazini pou vyole lwa entènasyonal. Janmen anvan Nasyon sa a pran rekou nan frod nan konpòtman afè etranjè li. Janmen anvan Etazini te bay yon sèl mou pouvwa pou li retire defans Nasyon an nan men li. Jammen anvan yo te mande yon fwadman e kategorikman pou Kongrè a renonse pouvwa li.

Si pèp Ameriken an vle yon diktati—si yo vle yon fòm gouvènman totalité e si yo vle lagè—bilan sa ta dwe pase tou dwat nan Kongrè, jan se dezi Prezidan Roosevelt.

Otorizasyon lejislasyon sa a [Bilan Prete Lwe] siyifye lagè, gè ki ouvè ak konplè. Mwen, alò, mande pèp Ameriken an anvan yo aksepte li pasivman, Eske dènye Gè Mondyal la te volapèn? . . .

Sous: Senatè Burton K. Wheeler, diskou nan Kongrè, 21 Janvy 1941

- 6 Baze sou dokiman sa a, bay **yon sèl** rezon Senatè Wheeler te opoze ak pwopozisyon sou Tè Fèmaj la. [1]

---

---

Score

## Dokiman 7

. . . Lagè pa inevitab pou peyi sa a. Yon reklamasyon konsa se defayitis nan vrè sans li. Pagen okenn moun ki ka fè nou batay aletranje amwenkse nou menm nou ta vle fè sa. Okenn moun pa pral eseye vin batay avè nou la a si nou ame tèt nou jan yon gwo nasyon ta dwe ame. Plis ke san milyon moun nan nasyon sa opoze pou antre nan lagè a. Si prensip demokrasi vle di anyen menm, se rezon ase pou nou rete andeyò. Si yo fòse nou nan yon lagè kont souwè yon majorite akablan pèp nou an, nou pral fè prèv ke demokrasi se tèlman yon echèk lakay nou ke pap genyen anpil rezon pou nal batay pou li aletranje. . . .

Sous: Charles Lindbergh, diskou nan yon raliman America First Committee, 23 Avril 1941

- 7 Baze sou dokiman sa a, bay ***yon sèl*** rezon Charles Lindbergh te kwè Etazini ta dwe rete andeyò lagè a.  
[1]
- 
- 

Score

## Dokiman 8

. . . Yo konn di, anpil fwa san konte, si Hitler pa ka franchi Kanal Anglè a, li pa ka franchi twamil mil sou lanmè. Men genyen yon rezon sèlman kifè li pa franchi Kanal Anglè a. Se poutèt karant senk milyon Anglè ki detèmine nan yon rezistans ewoyik fè zile yo a tounen yon baz lame kote gwo bato a vapè ak avyon de gè prè pou batay. Tankou Sekretè Hull te di: "Se pa dlo a ki bare wout la. Se rezolisyon lame Anglè la. Si Grann Bretay te pèdi kontwòl lanmè a, Atlantik la patap yon obstak ankò — men pito, li tap tounen yon otowout byen laj pou yon konkeran k'ap deplase ale lwès."

Konkerè sa a pa bezwen eseye yon anvayisman Etazini kontinantal kounye a pou mete peyi sa a nan danje fatal. Nou pral nan yon danje fatal lè pouvwa lanmè Britanik la echwe, moman pòtay nan lès Atlantik yo ouvri pou agresè a, moman nou oblige divize lame yon sèl-oseyan nou ant de oseyan an menm tan. . . .

Sous: *The New York Times*, "Let Us Face the Truth," editorial, 30 Avril 1941

- 8 Selon ekstrè editoryèl sa a, sa ki ***yon sèl*** rezon Ameriken ta sipoze opoze ak politik izolasyonis lan? [1]

---

Score

## Pati B

### Redaksyon

**Direksyon:** Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki soti nan *omwen senk* dokiman nan redaksyon an. Sipòte repons ou an ak reyalite, ekzamp ak detay ki enpòtan. Ajoute enfòmasyon siplemantè ki eksteryè.

#### Kontèks Istorik:

Apre Premyè Gè Mondyal la, evènman nan Ewòp te pwovoke Etazini pou li revize politik etranjè li. Revizyon sa a mennen yon kontwovès ant sa kite sipòte yon retou nan izolasyonis ak sa ki te vle wè Etazini pran yon wòl pi aktif nan zafè lemonn yo.

**Tach:** Ak itilizasyon enfòmasyon nan dokiman yo ak konesans istwa Etazini ou, ekri yon redaksyon kote w'ap

- Diskite politik etranjè Etazini anvè Ewòp anvan Dezyèm Gè Mondyal la. Nan diskisyon ou an, mete rezon moun ki te *sipòte* izolasyonis yo te itilize **ak** rezon sa ki te *opoze* li yo te itilize.

#### Direktiv:

##### Nan redaksyon ou an, fòk ou:

- Devlope tout aspè tach la
- Mete enfòmasyon ki soti nan *omwen senk* dokiman
- Mete enfòmasyon enpòtan ki eksteryè
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzamp ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki enkli yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki plis ke yon repetisyon tèm nan





## REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

# ISTWA AK GOUVÈNMAN ETAZINI

**Madi**, 21 jen 2005 – 1:15 apremidi pou 4:15 apremidi, sèlman

**FÈY REPOSNS**

Non Elèv la ..... Non Pwofesè a ..... Non Lekòl a .....  <b>Ekri repons ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Twazyèm Pati Seksyon A nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a ak Twazyèm Pati Seksyon B a nan yon lòt tiliv redaksyon apa a.</b>	<input type="checkbox"/> Gason G/F: <input type="checkbox"/> Fi	1..... 26 ..... 2..... 27 ..... 3..... 28 ..... 4..... 29 ..... 5..... 30 ..... 6..... 31 .....  7..... 32 ..... 8..... 33 ..... 9..... 34 .....  10..... 35 ..... 11..... 36 .....  12..... 37 .....  13..... 38 .....  14..... 39 .....  15..... 40 .....  16..... 41 .....  17..... 42 .....  18..... 43 .....  19..... 44 .....  20..... 45 .....  21..... 46 .....  22..... 47 .....  23..... 48 .....  24..... 49 .....  25..... 50 .....
--	--	---

**FOR TEACHER USE ONLY****Part I Score** \_\_\_\_\_**Part III A Score** \_\_\_\_\_**Total Part I and III A Score** **Part II Essay Score** \_\_\_\_\_**Part III B Essay Score** \_\_\_\_\_**Total Essay Score** **Final Score** 

(obtained from conversion chart)

**No.  
Right**

**Fò w siyen deklarasyon sa a lè ou fin pran egzamen an.**

Mwen konfime, jiska lè egzamen an fini, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

# REGENTS IN U.S. HISTORY AND GOVERNMENT

Detache La a

Detache La a